

Enstriksyon pou estokaj medikaman nan fason sekiritè ak itilizasyon sibstans rekreyativ yo pandan COVID-19

Pandemi maladi kowonaviris 2019 la (COVID-19) te lakoz nou chanje woutin ojoulejou nou pou n ka pwoteje tèt nou ak kominote nou yo. Pandan n ap pase plis tan lakay nou, li enpòtan pou n sonje rete an sekirite lè nou anndan. Pou redui kantite fwa ou soti nan kay la, anpil moun ap achte medikaman oswa sibstans rekreyativ yo (tankou dwòg ak alkòl) an grand kantite. Si w konsève medikaman yo oswa sibstans rekreyativ yo lakay ou, ou dwe estoke yo nan fason sekiritè epi yon kote timoun pa ka jwenn yo. Li pi pwobab pou timoun yo rete lakay yo pandan pandemi an, epi yo ka pran medikaman oswa sibstans rekreyativ yo jwenn nan kay la yo pa aksidan. Sa ka lakoz ijans medikal tankou anpwazònman akòz dwòg. Anba la w ap jwenn kèk ti konsèy pou ede w estoke medikaman yo ak sibstans rekreyativ yo nan fason sekiritè.

Estoke medikaman ak sibstans rekreyativ yo nan fason sekiritè

- Byen ranje medikaman w yo nan lòd epi asire w ke yo pa ekspire. Kite medikaman nan anbalaj li te vini an epi tcheke etikèt la pou dat ekspirasyon an ak enstriksyon pou dozaj apwopriye yo avèk anpil atansyon avan w pran l.
- Ranje boutèy yo byen fiks epi asire w yo fèmen kòm sadwa. Kite medikaman yo nan yon plaka kote timoun yo p ap ka jwenn yo.
- Sibstans reglemante yo tankou, opyoyid yo, benzodyazepin yo ak medikaman somèy yo ka danjere si yo pran yo pa aksidan, espesyalman pou timoun yo. Si sa posib, kite yo kote ki fèmen ak kle.
 - Itilize yon espas ki vini ak tout seri ladan tankou tiwa yon biwo oswa yon klasè.
 - Mete yon kadna nan yon tiwa oswa klasè ki la deja si w pa gen youn ki ak tout seri.
 - Achte ti kòfrefò piti yo sou entènèt.
 - Itilize vewou pou timoun nan tiwa ak plaka yo si w gen timoun piti nan kay la.
 - Si w pa ka fèmen medikaman yo anba kle, pa mete yo kote ki aksesib oswa nan espas kominotè yo kote moun ka jwenn yo byen fasil.
- Si w konn pran medikaman opyoyid yo tankou tramadol (tramadol), oksikodòn (oxycodone), idwokodòn (hydrocodone), metadòn (methadone), ewoyin (heroin) oswa fentanil (fentanyl), asire w gen naloksòn (naloxone) disponib sizanka ta gen yon sidozaj pa aksidan. Naloksòn se yon medikaman k ap bloke efè opyoyid yo pou yon ti tan, sa k ap pèmèt yon moun ki sibi yon sidozaj respire epi resevwa swen medikal si sa nesèsè. Naloksòn disponib gratis epi san preskripsyon, epi yo ka administre l byen fasil lè yo flite l sou fòm yon espre nan nen. Asire w lòt moun nan kay la konnen kote w mete naloksòn lan ak kòman pou yo itilize l sizanka ta gen yon sidozaj pa aksidan.

- Si w pa sèten ki kote pou w jwenn oswa resevwa fòmasyon sou fason pou itilize naloksòn, vizite paj naloksòn NYC Well la nan nycwell.cityofnewyork.us/en/naloxone.
- Si w itilize lòt sibstans tankou kokayin, marigwana, chanpiyon oswa metafetamin an kristal, asire w fèmen sibstans sa yo anba kle, epi kote timoun yo pa ka ni wè ni jwenn yo. Si w itilize lòt materyèl anplis pou w pran sibstans yo (ki gen ladan sereng, brikè, pip ak lòt ekipman yo) fèmen materyèl sa yo anba kle tou.
- Si w itilize marigwana, sonje ke moun ka konfonn pwodui marigwana moun ka manje yo pou ti goute oswa bonbon nòmal yo. Marigwana ka danjere pou timoun yo si yo manje l pa aksidan epi sa ka lakoz yo etène lopital. Menm lè kantite pwodui marigwana moun ka manje yo relativman piti, yo ka gen ase THC chimik ladan yo pou yo fè timoun yo mal. Asire w mete pwodui sa yo yon kote apa epi fèmen yo anba kle, espesyalman si gen timoun nan kay la.
- Fèmen alkòl yo anba kle oswa mete yo kote timoun pa ka jwenn yo. Si sa posib, mete yo yon kote apa ki separe de lòt bwason yo ak atik alimantè lòt moun nan kay la konn manje yo.

Jete yo nan fason sekirite

- Si w bezwen jete sibstans ki ekspire oswa ou pa bezwen yo, tcheke avan pou w wè si gen enstriksyon presi nan etikèt medikaman an pou fason pou w jete l.
- Pou w jwenn lokalite pou jete yo nan zòn ou an, vizite nyc.gov/dsny. Rele avan pou w ka sèten yo ouvri epi y ap aksepte w vin depoze yo.
- Si w pa kapab ale nan yon lokalite pou w jete yo, melanje sibstans ou pa vle a ak yon sibstans ki pa manjab tankou tè, lityè chat oswa ma kafe. Byen ranje melanj lan nan yon veso ki kouvri byen sere epi mete l nan fatra lakay ou. Asire w retire tout enfòmasyon pèsonèl ki gen sou etikèt preskripsyon an lè w ap jete boutèy yo.
- Si w itilize sereng pou w pran medikaman yo preskri oswa dwòg pou itilizasyon rekreyativ, asire w jete sereng ou fin itilize yo nan yon veso pou dechè medikal FDA apwouve (pa egzanp veso pou objè tranchan yo). Mete veso sa a kote lòt moun p ap jwenn li jiskaske w prè pou w jete l. Si w pa gen yon veso pou objè tranchan, itilize yon veso ki fèt an plastik di, tankou yon boutèy savon likid pou lesiv. Byen sere bouchon an ak tep epi ekri "SHARPS" (TRANCHAN) an lèt byen klè sou boutèy la epi mete l nan fatra regilye lakay ou (pa mete l nan resiklaj). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w jete yon veso pou objè tranchan an tout sekirite, vizite [sitwèb dechè medikal NYC a nan](#).

Si w bezwen sèvis ki gen rapò ak itilizasyon sibstans, NYC Well disponib 24/24, 7/7 pou bay sipò ak referans, ki gen ladan pou tretman pou itilizasyon sibstans. Vizite nyc.gov/nycwell oswa rele 888-692-9355 .

Depatman Sante Vil New York la ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

5.7.20